



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOSESIS ANGAJMAN PIBLIK POU  
PWOJÈ OTOWOUT KENSINGTON LAN NAN VIL BUFFALO**

***Sesyon eksploratwa enfòmasyonèl yo pral fèt 30 jen nan Buffalo Museum of  
Science***

***Opòtinite pou manm kominote yo bay kòmantè ak ede detèmine altènativ pwojè ki  
prefere***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon gwo pa an avan nan pwojè transfòmasyon Otowout Kensington lan nan Vil Buffalo. Depatman Transpò Eta a ap lanse pwosesis angajman fòmèl li epi pral òganize de sesyon eksploratwa piblik pou pwojè a nan jedi 30 jen 2022 nan Buffalo Museum of Science. Sesyon eksploratwa yo - soti 11 a.m. rive 2 p.m. ak soti 5 p.m. rive 8 p.m. - pral bay manm kominote yo yon opòtinite pou yo enfòmasyon yo sou plizyè opsyon yo ki konsidere pou pwojè a epi pou bay responsab Depatman Transpò yo kòmantè. Opinyon nou te resevwa nan sesyon sa yo ak nan lòt opòtinite patisipasyon piblik la ki pral fèt pandan verifikasyon anviwònman la pral ede enfòmasyon pwosesis priz desizyon pou pwojè a.

"Pwojè Otowout Kensington lan reprezante yon opòtinite istorik pou refòmasyon Vil Buffalo ak rekonekte kominote yo ke konstriksyon otowout la ki gen plis pase demi syèk te afekte anpil", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an angaje pou li founi pwojè enfrastruktir odasye ki pral ede repare tèt nan tan pase yo atravè rezon transpò ki konsewa pou reyini kominote yo, ak wout ki pi fasil pou pyeton ak moun k ap monte bisiklèt yo. Li enpòtan pou kominote a gen yon vwa nan fason pwojè sa reyalize ak sesyon eksploratwa sa yo pral ede enfòmasyon manm piblik la sou tout opsyon ki konsidere ak pèmèt nou tande kòmantè yo. Mwen ankouraje nenpòt moun ki enterese nan pwojè istorik sa pou yo patisipe".

Depatman Transpò Eta a pral konsidere kòmantè yo te resevwa nan sesyon eksploratwa yo ak pandan peryòd kòmantè eksploratwa 30 jou ki vin apre a epi reponn ak kòmantè enpòtan yo nan Rapò Eksploratwa Pwojè a ki pral fini nan fen ete sa a. Yon nouvo sitwèb nan Pwojè Otowout Kensington lan pral lanse ofisyèlman nan 29 jen anvan reyinyon yo, sa ki bay yon lòt fowòm pou piblik la aprann sou pwojè a.

Otowout Kensington lan ki te konstwi pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa - Parkway istorik Humboldt la ke Frederick Law Olmsted te konsevwa - ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo. Boulva orijinal la konekte Pak Humboldt la (kounye a Pak Martin Luther King, Jr) ak Pak Delaware la.

Plan kapital sou senk ane, 32.8 milya dola, istorik Depatman Transpò a ke yo te adopte nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan jiska 1 milya dola pou rekonekte katye lès-lwès yo atravè seksyon deprime koridò Otowout Kensington lan epi re-etabli espas vèt la ke Humboldt Parkway te bay nan kòmansman san yo pa konpwomèt kapasite alontèm lyen transpò rejyonal enpòtan otowout la te founi.

An janvyè, Gouvènè Hochul te anonse ke Depatman Transpò Eta a pral kòmanse yon verifikasyon anviwònmanal pou evalye lòt opsyon pou rekonekte epi repare katye lès-lwès yo ke konstriksyon Otowout la te divize.

Depatman Transpò Eta a ap evalye nan moman an opòtinite pou kreye nouvo espas piblik ouvri, amelyore sekirite bisiklèt ak pyeton, epi rezoud pwoblèm bri ak polisyon lè yo. Depatman Transpò Eta New York la ap evalye amelyorasyon yo sou wout lokal yo tou pou fasilite operasyon veyikil yo san danje nan katye ki rekonekte yo. Limit pwojè yo genyen ladan yo limit lès East Ferry Street ak limit lwès nan Best Street. Otowout la transpòte apeprè 80,000 machin chak jou.

Buffalo Museum of Science sitiye nan 1020 Humboldt Parkway nan Buffalo. Chak nan de sesyon eksploratwa yo pral gen ladan komisyon enfòmasyon sou plizyè opsyon ke yo ap konsidere pou pwojè a. Tou de sesyon yo pral founi menm enfòmasyon. Lidè pwojè ki soti nan Depatman Transpò Eta New York la pral pare pou reponn kesyon yo ak resevwa kòmantè manm kominote a. Depatman Transpò Eta a angaje pou travay nan kolaborasyon ak Vil Buffalo, Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo-Niagara a (Greater Buffalo-Niagara Regional Transportation Council) ak kominote ki nan anviwon yo nan chak moman pandan pwojè enpòtan sa ap avanse.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap pran angajman istorik pou rekonstwi enfrastrikti nou nan fason ki rekonekte kominote nou yo, fasilite kwasans ak rasanble moun yo. Otowout Kensington lan se yon relik planifikasyon transpò mwaye 20yèm syèk la ki te divize katye yo epi lè a rive pou nou fè yon bagay ak sa. Mwen ankouraje manm kominote yo pou yo patisipe nan youn nan sesyon yo epi ede nou asire pwojè final la se yon bagay ki fè tout Nouyòkè yo fyè".

**Senatè Charles E. Schumer te deklare,** "Twòp otowout, tankou Otowout Kensington lan, te konstwi atravè katye ki gen revni ba yo ak kominote koulè yo, ki divize vil yo ak detwi espas vèt presye yo. Se poutèt sa mwen te batay pou garanti investisman federal odasye ki rele "Rekonekte Kominote yo" nan lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay la pou bay ankò plis investisman federal pou pwojè sa yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè

Hochul dèske li angaje kominote a pou kòmanse repare domaj ki te rive nan katye Martin Luther King ak Hamlin Park yo ki te divize depi lè yo te konstwi Kensington".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Pwojè Otowout Kensington lan pral rekonekte kominote yo, konbat pwoblèm eritaj rasis sistemik la nan sistèm nou an epi ede transfòme Vil Buffalo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li pran mezi enpòtan sa pou asire pwojè sa saitsfè bezwen kominote a epi m ap kontinye batay pou jwenn lajan gouvènman federal la pou amelyore enfrastrikti Buffalo a".

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Erè nan transpò nan tan pase yo te devaste katye Buffalo yo epi te divize kominote yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul ak delegasyon Lwès New York la, pwojè sa pral repare tò sa. Nou pa ka tann pou nou kòmanse pwosesis ekout piblik la ki satisfè bezwen vwazen yo ak fè avanse vizyon yon kominote ki pi solid, pi an sante ak konekte".

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Avèk yon pwosesis anviwònmantral akselere sou Otowout Kensington lan ki garanti epi yon envestisman istorik 1 milya dola ki enkli nan bidjè ane sa, nou pi pre ke jamè pou nou wè pwojè sa avanse ak transfòme yon katye ki te neglije pandan plizyè deseni. Lidè Majorite Asanble a Crystal Peoples-Stokes ak mwen menm te fyè pou nou kolabore ak gwoup tankou Kowalisyon Restore Kominote Nou (Restore Our Community Coalition) pou sipòte vizyon yo pou chanjman epi respekte pwomès nou pou nou fè sa ki mye nan non kominote nou an. Vwa kominote a pral jwe yon wòl enpòtan nan sa pwojè sa a pral sanble, epi nou pa ka tann pou nou tandè moun nan katye sa yo ke wout sa te afekte dirèkteman pandan plizyè ane. Sesyon eksploratwa sa yo pral yon eleman enpòtan nan pwochen faz pwojè sa a".

**Senatè Eta a, Sean M. Ryan te deklare,** "Buffalo pa poukont li nan efò pou repare domaj ke otowout yo ki divize kominote yo te lakòz. Avèk efò planifikasyon k ap fèt pou re-konsevwa Otowout Scajaquada ak Otowout Kensington, n ap pran yon mezi odasye pou nou reyini katye yo, retabli vizyon Olmsted la epi reprann istwa nou an. Pandan sansibilizasyon piblik sa kòmanse, mwen ankouraje tout moun pou yo rete enplike epi fè tandè vwa yo".

**Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Re-konsevwa ak kouvri Route 33 a se yon opòtinite inik pou rezoud domaj jenerasyonèl Otowout Kensington lan te fè a lè li te dechire katye Martin Luther King ak Hamlin Park yo. Otowout sa yo te koupe ak deranje depi lontan kominote nou yo ak espas lwazi nou yo. Restore kominote sa yo se yon kesyon jistis rasyal, kalite lavi, sante anviwònman, ak devlopman kominotè. Li osi enpòtan tou pou pwosesis reyamenajman an byen egzekite pati angajman piblik la pou bay manm kominote yo opòtinite ak chemen ekitab pou aprann sou pwojè a ak bay kòmantè enpòtan".

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Tout vwa ak lide yo byenvini epi mwen ankouraje rezidan yo pou yo planifye pou yo patisipe nan sesyon sa yo epi wè kisa lavni ta ka rezève pou Otowout Kensington lan. Sa a se yon pwojè transfòmasyon ak plizyè jenerasyon ki pral reyini youn nan katye ki pi ansyen nan Buffalo,

kidonk, tank plis moun ka patisipe nan pwogram sa a se tank li pi bon. Gade kisa opsyon yo ye, rantre nan diskisyon kominote a, epi jwe wòl ou nan kreye yon nouvo Buffalo ki meyè".

**Majistra Buffalo Byron Brown te deklare,** "Garanti finansman pou korije tò youn nan pi gwo erè planifikasyon nan istwa nou an se te yon efò kominotè depi nan kòmansman an. Li enpòtan anpil pou kominote a rete angaje nan pwojè sa. Mwen ankouraje tout rezidan katye sa a pou yo vin aprann sou pwosesis konstriksyon an epi pou yo ofri lide sou fason investisman sa a kapab benefisye kay ak biznis nan kominote ki alantou Otowout Kensington lan".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418